# BASLAWÍSH KLASS MUǴALLIMLERIN TAYARLAWDA VIRTUAL TEXNOLOGIYALARDÍ QOLLANIW METODIKASÍ (ANA TILI PÁNI MÍSALÍNDA)

***Kadrekova A.K.,***
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı docent*

***DOI:*** https://doi.org/10.5281/zenodo.18908769

***Annotaciya:*** *Bul maqalada bolajaq baslawısh klass muǵallimlerin tayarlaw procesinde ana tili pánin oqıtıw procesinde virtual bilimlendiriw ortalıǵın shólkemlestiriw, interaktiv metodlardan paydalanıw hám de studentlerdiń sanlı kompetenciyaların rawajlandırıw máseleleri sáwlelendirilgen.*

***Gilt sózler:*** *virtual texnologiya, sanlı tálim, baslawısh tálim, ana tili, metodika, pedagogikalıq kompetenciya.*

***Аннотация:*** *В данной статье освещаются вопросы организации виртуальной образовательной среды в процессе преподавания родного языка при подготовке будущих учителей начальных классов, использования интерактивных методов, а также развития цифровых компетенций студентов.*

***Ключевые слова:*** *виртуальная технология, цифровое образование, начальное образование, родной язык, методика, педагогическая компетенция.*

***Abstract:*** *This article addresses the organization of a virtual educational environment, the use of interactive methods, and the development of students' digital competencies within the process of teaching the native language to future primary school teachers.*

***Keywords:*** *virtual technology, digital education, primary education, native language, methodology, pedagogical competence.*

Jáhán bilimlendiriw sistemasında sanlı transformaciya procesleri jedellik penen ótpekte. UNESCO tálimdi sanlastırıwdı turaqlı rawajlanıwdıń áhmiyetli faktorı sıpatında tán alǵan.

Házirgi joqarı bilimlendiriw sistemasın reformalawdıń tiykarǵı baǵdarlarınan biri - bul bilimlendiriw sistemasınıń sapasın arttırıw, oqıw orınlarınıń ózin-ózi qarjılandırıwı, sanlı texnologiyalardan ónimli paydalanıw, bilimlendiriwde xızmet kórsetiwdi nátiyjeli jolǵa qoyıw, oqıw-tárbiya hám bilimlendiriwdi basqarıw proceslerine sanlı texnologiyalardı jáne de keńnen engiziwden ibarat. Ásirese, joqarı bilimlendiriw sistemasında sanlı texnologiyalardı engiziwdiń ilimiy tiykarların jaratıw, bul baǵdarda jáhán tájiriybelerin úyreniw, olardı jergilikli sharayatlardan kelip shıqqan halda sistemalastırıw hám ulıwmalastırıw sıyaqlı máselelerge keń jámiyetshiliktiń itibarın qaratıw ayrıqsha áhmiyetke iye. Sonıń ushın da, Prezidentimiz Sh.M. Mirziyoevtiń atap ótkenindey, "Rawajlanıwǵa erisiw ushın sanlı bilimler hám zamanagóy málimleme texnologiyaların iyelewimiz zárúr hám shárt degenindey, - bul bizge rawajlanıwdıń eń qısqa jolınan barıw imkaniyatın beredi. Sebebi, búgingi kúnde barlıq tarawlarǵa málimleme texnologiyaları tereń kirip

barmaqta. Ózbekstanda da pedagog kadrlardı tayarlaw procesin modernizaciyalawǵa ayrıqsha itibar qaratılmaqta. Ózbekstan Respublikası Mektepke shekemgi hám mektep bilimlendiriwi ministrligi tárepinen joqarı bilimlendiriw sistemasında zamanagóy málimleme-kommunikaciya texnologiyaların keńnen engiziw wazıypası belgilengen.

Sanlı bilimlendiriw ortalıǵı sharayatında pedagog kadrlardı tayarlaw procesi zamanagóy virtual texnologiyalar tiykarında shólkemlestiriliwin talap etpekte. Ásirese, baslawısh klass muǵalliminiń kásiplik kompetenciyası tek metodikalıq bilim emes, al sanlı pedagogikalıq sheberlikti de óz ishine aladı.

Álbette, oqıtıwshılar da oqıwshıları sıyaqlı sanlı kónlikpelerge iye bolıwı kerek. Sonıń menen birge, olar sanlı mádeniyattıń keńirek sheńberinde sanlı qurallardan paydalanıw boyınsha kásiplik kónlikpelerdi de rawajlandırıwı kerek. Bolajaq baslawısh klass muǵallimleri XXI ásirdiń tiykarǵı kompetenciyaların rawajlandırıwǵa járdem beriw ushın oqıwshılarda oqıwǵa qızıǵıwshılıq oyatıwı, tiyisli bilimlendiriw mazmunın tańlay alıwı, tiyisli pedagogikalıq hám sanlı oqıtıw texnologiyaların tańlay alıwı kerek.

Baslawısh klass muǵallimi tek ǵana pándi biliwi emes, al onı zamanagóy texnologiyalar arqalı nátiyjeli jetkere alıwı kerek. Virtual texnologiyalardıń pedagogikalıq mánisi - virtual texnologiyalar - internet hám sanlı ortalıq tiykarında jaratılǵan interaktiv bilim beriw quralları kompleksi bolıp tabıladı. Olar tómendegilerdi óz ishine aladı: virtual bilimlendiriw platformaları, 3D simulyaciyalar, virtual laboratoriyalar, onlayn test sistemaları, multimedia prezentaciyaları, jasalma intellekt tiykarındaǵı bilimlendiriw qurallarınan paydalanıladı. Ana tili pánin oqıtıwda virtual texnologiyalardı bolajaq baslawısh klass muǵallimlerinde: lingvistikalıq kompetenciya, metodikalıq kompetenciya, sanlı kompetenciya, kreativ jantasıw kónlikpelerin qáliplestiriwden ibarat. Máselen, ana tili pánineń "Sóz toparların úyretiwde" interaktiv animaciya, virtual kartochkalar, onlayn viktorinalar, "Gáp bóleklerin úyretiwde" diagrammalardı virtual qurıw, simulyaciyalıq shınıǵıwlar hám "Tekst ústinde islewde," audio-tekst analizi, onlayn talqılaw, virtual rolli oyınlardan paydalanıw múmkin. Metodikanıń abzallıqları sonnan ibarat, studenttiń óz betinshe islew kónlikpesi rawajlanadı, sabaq procesi interaktivlesedi, kreativ qatnas qáliplesedi, waqıt hám resurs únemlenedi, aralıqtan bilim alıw imkaniyatı keńedi.

Juwmaqlap aytqanda, bolajaq baslawısh klass muǵallimlerin tayarlaw procesinde virtual texnologiyalardı sistemalı qollanıw metodikalıq jaqtan tiykarlanǵan halda ámelge asırılsa, pedagogikalıq tayarlıq sapası sezilerli dárejede

artadı. Ana tili pánin oqitiw mısalında virtual ortalıqtan paydalanıw studentlerdiń kásiplik kompetenciyaların kompleksli rawajlandırıw imkaniyatın beredi.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Abduqodirov A.A., Pardayev A.X. "Masofaviy wqitish nazariyasi va amaliyoti." Monografiya. - T.: Fan. 2009. - 146 b.
2. Abduqodirov A.A., Toshtemirov D.E. "Tálim muassasalarida axborot-kommunikatsiya texnologiyalaridan foydalanish metodikasi." Monografiya. Guliston: "Universitet," 2019. - 232 b.
3. Ergasheva X.M. Tálimda raqamli texnologiyalar - o’quv qo’llanma. 2023-jıl.
4. Begimkulov U.Sh. Pedagogik ta’limjarayonlarini axborotlashtirishni tashkil etish va boshqarish nazariyasi va amaliyoti mavzusidagi pedagogika fanlari doktori ilmiy darajasiniolish uchun yozilgan dissertatsiya. -Toshkent. 2007.
5. Ishmuxamedov R., Abdukodirov A., Pardayev A. “Ta’limda innovatsion texnologiyalar: ta’limmuassalari pedagog-o‘kituvchilari uchun amaliytavsiyalar”.
6. Qodirova F.U. “Raqamli pedagogika” – istiqbol bugundan boshlanadi: imkoniyatlar, stereotiplar, kelgusi rejalar”. ZAMONAVIY TA’LIM / SOVREMENNOYE OBRAZOVANIYE 2020, 8 (93).
7. Nosirova D.S. “Raqamli texnologiyalarvositasida o‘quv jarayonini tashkil etishningmuammolari va istiqbollari” MODELS AND METHODS IN MODERN SCIENCE International scientific-online conference.
8. O‘zbekiston Respublikasi PrezidentiShavkat Mirziyoyevning Birlashgan MillatlarTashkiloti Bosh Assambleyasining 75-sessiyasidagi nutki 23.09.2020
9. Fan, texnika va ta’limdainfokommunikatsion va xisoblash texnologiyalari: monografiya xalqaro konferensiya ma’ruzalari vatezislari.